**दिन–शनिवार** **दिनांक–19.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार सोम दिन सँ शुरू भऽ रहल संसदक मॉनसून अधिवेशन सँ पूर्व काल्हि सर्वदलीय बैसक बजौने अछि। बैसकक दरमियान सरकार संसदक दुनू सदन मे सुगम कामकाज सुनिश्चित करबाक लेल सभ राजनीतिक दल सभ सँ सहयोग मांगत। मॉनसून अधिवेशन एक्कैस जुलाई सँ एक्कैस अगस्त धरि चलत। एहि दरमियान कतेको महत्त्वपूर्ण विधयेक सभ पर चर्चा आ एकरा पारित करायल जयबाक उम्मीद अछि।

---

डाक विभाग अगिला पीढ़िक एपीटी एप्लिकेशन शुरू करबाक घोषणा कयलक अछि, जे डिजिटल उत्कृष्टता आ राष्ट्र निर्माणक दिशा मे एक पैघ उपलब्धि अछि। एपीटी एप्लिकेशन के बेहतर उपयोग, तेज सेवा आओर बेसी ग्राहक–अनुकूल इंटरफेस प्रदान करबाक लेल तैयार कयल गेल अछि।

---

प्रदेश मे चलि रहल मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण प्रक्रियाक अंतर्गत एखन धरि चौरानवे दशमलव छओ आठ प्रतिशत गणना प्रपत्र जमा भऽ चुकल अछि। निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे सात करोड़ अड़तालीस लाख सँ बेसी गणना फॉर्म एकत्र कयल गेल अछि। आयोग कहलक अछि जे आब मात्र पाँच दशमलव दू प्रतिशत मतदाता लोकनि कँ अपन फॉर्म जमा केनाय अछि। आयोगक अनुसार एखन धरि एक दशमलव छओ एक प्रतिशत मतदाता मृत पाओल गेल अछि। दू दशमलव तीन प्रतिशत मतदाता स्थायी रूप सँ स्थानांतरित भऽ गेल छथि आ चारि दशमलव छओ सात प्रतिशत मतदाता अपन पता पर नहि पाओल गेल।

---

चुनाव आयोग प्रदेश मे चलि रहल मतदाता सूची गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत एखन धरि गणना फॉर्म नहि भरयवला तेहत्तरि लाख तेहत्तरि हजार नओ सय बयालीस मतदाता लोकनिक सूची राजनीतिक दल कैँ सौंप देलक अछि। आयोग राजनीतिक दल सभ सँ कहलक अछि जे एहि मतदाता लोकनि कैँ खोजि कऽ गणना प्रक्रिया मे सहयोग करथि।

———————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता मे कमी अयबा सँ प्रदेश मे एक बेर फेर बरखाक गतिविधि मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे आइ राज्यक पूर्वी आ उत्तर–मध्य भाग मे किछु ठाम हल्का बरखाक संभावना अछि। ओतहि, अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे बढ़ोतरीक पूर्वानुमान अछि। राज्यक उत्तरी भागक जिला सभक किछु ठाम मेघगर्जन, ठनका आ तेज हवा चलबाक संभावना अछि।

———————————————————————

गंगा नदीक जलस्तर मे लगातार भऽ रहल बढ़ोतरी सँ पटनाक दियारा इलाका सभ मे बाढ़िक पानि पसरय लागल अछि। ओतहि, नदीक जलस्तर पटनाक दीघा घाट, गाँधी घाट आ हाथीदह मे चेतावनी स्तर कैँ पार कऽ गेल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे कतेको गंगा घाट सभ पर नदीक बढ़ैत जलस्तरक निरीक्षण कयलनि। श्री कुमार दानापुरक नासरीगंज आ जे.पी. गंगा पथ सँ नदीक बढ़ैत जलस्तरक जायजा लैत अधिकारी लोकनि कैँ तत्काल सुरक्षात्मक उपाय करबाक लेल कहलनि अछि। ओ कहलनि जे नदीक जलस्तर मे एखन आओर बढोतरी संभावित अछि, जाहि कारण निचला इलाका सभ मे राहति आ बचावक काज तेजी सँ चलाओल जाय।

———————————————————————

केन्द्रीय मंत्री जितेन्द्र सिंह कहलनि अछि जे केन्द्रक नरेन्द्र मोदी सरकार महिला लोकनिक विकासक लेल संकल्पबद्ध अछि। श्री सिंह पटनाक अधिवेशन भवन मे भारतीय लोक प्रशासन संस्थान, नव दिल्ली आ जीविका, बिहार दिस सँ महिला सहभागिता सम्मेलन सँ विकसित बिहारक परिकल्पना विषय पर आयोजित सम्मेलन मे बाजि रहल छलाह। ओ कहलनि जे केन्द्रक नीति सभक कारण महिला लोकनि आइ रक्षा अंतरिक्ष अनुसंधान समेत सभ क्षेत्र मे आगू बढि रहल छथि। सम्मेलन के केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह आ राज्यक ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार समेत कतेको गणमान्य लोकनि सेहो संबोधित कयलनि।

———————————————————————

निगरानी अन्वेषण ब्यूरो, पटनाक विशेष टीम आइ समस्तीपुर स्थित महिला थाना पर छापेमारी कऽ थानाध्यक्ष पुतुल कुमारी आ चालक गुड्डु कुमार के बीस हजार टाका घूस लैत ठामहि गिरफ्तार कयलक अछि। पुतुल कुमारी पर मुफ्फसिल थाना क्षेत्रक छतौना गाम निवासी राजीव रंजन सिंह सँ मारि–पीटक एक मामिला के रफा–दफा करबाक लेल घूस लेबाक आरोप अछि।

———————————————————————

पटनाक पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स मे पहिल इंडियन ओपन एथलेटिक्स मीट केर आयोजन आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। बिहार राज्य खेल प्राधिकरणक महानिदेशक रवीन्द्रन शंकरन कहलनि अछि जे पूरा देशक चारि सय सँ बेसी एथलीट एहि प्रतियोगिता मे भाग लऽ रहल छथि। एथलेटिक्स चैंपियनशिप मे लंबा आ मध्यम दूरीक दौड़, स्प्रिंट, रिले रेस, स्टीपलचेज, लंबी कूद, ऊंची कूद, ट्रिपल जंप केर स्पर्धा होयत। पोल वॉल्ट, शॉटपुट आ डिस्कस थ्रो, हैमर या जेवलिन थ्रो, डेकाथलॉन, हेप्टाथलॉन, मैराथन आ हाफ मैराथन समेत आन स्पर्धा सेहो आयोजित कयल जायत। एथलेटिक्स मीट केर आयोजन भारतीय एथलेटिक्स महासंग आ बिहार राज्य खेल प्राधिकरण संयुक्त रूप सँ कऽ रहल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।